



Pou Piblikasyon Imedya: 25/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI THE MATTRESS FACTORY NAN BÒ LÈS BUFFALO

*Pwojè Fon Better Buffalo an Ap Sipòte Revitalizasyon Distrik Istorik Hamlin Park lan Ak Konvèsyon Konpayi Manifaktis Otis Bed lan An Pwojè A Itilizasyon Miks*

*Foto Pwojè A Disponib [Li a](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ouvèti The Mattress Factory, yon pwojè a itilizasyon miks nan Bò Lès Buffalo. Etikèt pri devlopman 6.5 milyon dola a pou The Mattress Factory, ki te transfòme an 34 apatman nan pri nivo mache a ak espas biwo pou Preservation Studios, li te konplete ak yon prè 500,000 dola ki soti nan Fon Better Buffalo a (Better Buffalo Fund). Fon Better Buffalo a se yon eleman enpòtan nan kad inisyativ Buffalo Billion lan, epi li dedye a pwojè k ap revitalize katye distri komèsyal yo ak ankouraje dansite ak kwasans nan koridò transpò yo.

“Ak ouvèti Mattress Factory an, Vil Buffalo pare pou li kontinye ak renesans ekonomik li pandan l’ap prezève enpòtans istorik etablisman sa”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Reyamenajman istorik sa nan Bò Lès Buffalo li pral ede transfòme pi plis vwazinaj sa pou vin tounen yon motè ekonomik ki vital nan Rejyon Lwès New York.”

Konstwiksyon pwojè a nan etablisman ki nan 170 Florida Street lan yo te kòmanse an Novanm 2016 epi yo te fini an Desanm 2017. Alokasyon pou apatman ki gen yonn ak sa ki gen de chanm a kouche yo te rete san chanje depi lè li te kòmanse an Novanm 2017. Batiman ki gen de etaj lan li nan vwazinaj Hamlin Park istorik lan, ki se yon zòn ki te sibi resamman yon rajenisman. Yo te reyadapte batiman an sou Liy Direktris Prezèvasyon federal yo epi li kounye sou Rejis Nasyonal pou Batiman Istorik yo (National Register for Historic Buildings). Yo te modifiye oswa ranplase ak anpil prekosyon tout fonksyon istorik yo tankou fenèt yo.

“Fon Better Buffalo a, ki te lanse kòm yon pati nan Buffalo Billion, li rekonèt enpòtans vital ke vwazinaj ki dinamik yo genyen pou renesans ekonomik Buffalo atravè vitrin magazen ki revitalize yo ak pwopriyete ki repare yo, espesyalman nan Bò Lès Vil lan”, **se sa Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare, li menm ki te patisipe nan seremoni koupe riban jodi a.** “Bèl apatman sa yo pral pote nouèl lavi nan koridò sa, epi kolaborasyon sa ant Administrasyon nou an ak patnè sektè prive nou yo sa demontre investisman kolektif ak konfyans nou nan nouèl Buffalo an.”

Konvèsyon ansyen batiman Konpayi 'Otis Bed' lan, ki te fabrike epi vann kabann nan fen 1900 yo, se yonn nan premye pwojè reyamenajman konsiderab nan Bò Lès Buffalo nan ane resan yo, li se tou yonn nan pi gwo pwojè sektè prive yo nan Distrik Istorik Hamlin Park lan.

Pwojè sa te devlope epi konplete pa Frizlen Group Development ak Common Bond Real Estate LLC, yo toulède lokalize nan Rejyon Lwès New York, ak asistans yon prè 500,000 dola ki soti nan Fon Better Buffalo a.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisyonè Empire State Development lan, Howard Zemsky, te deklare,** "Fon Better Buffalo a se yonn nan zouti nou yo ki pi efikas pou pwojè devlopman yo nan Vil Buffalo. Pwojè The Mattress Factory an li reprezante yon opòtinite reyèl pou kwasans, ak yon gwo lokal ki tou pre Hamlin Park ak Canisius College, ak tou yon koridò transpò majè, nouvo kay sa yo pral san dout gen anpil demann".

**Manm Kongrè Brian Higgins te deklare,** "Nouvèl lavi sa pou Buffalo Mattress Factory li reprezante yon prevwayans pou reyelabore batiman istorik nou yo, ki se yon angajman pou envesti nan vwazinaj istorik yo ak kapasite rejyon sa pou adapte nan yon fason ki anbrase pase nou pandan ke n'ap konstwi fiti nou. Sa se ankò yon lòt egzanp de wòl konsiderab ke kredi enpo istorik eta ak federal yo jwe nan transfòmasyon kominote yo".

**Senatè Tim Kennedy te deklare,** "Pandan ke ekonomi Buffalo an kontinye retounen bay enèji atravè kwasans ak devlopman, li enpòtan anpil pou nou anbrase nouvo avansman yo pandan ke n'ap travay pou prezève mèyèy kiltirèl ak achitektirèl rich yo ke vil nou an genyen. Mwen fyè pou mwen wè The Mattress Factory tranfòme pou vin tounen yon espas rezidansyèl epi komèsyal ke yo reyitilize nan Bò Lès Buffalo. Sou lidèchip Gouvènè a, nou ap yon lòt fwa ankò temwen envestisman estratejik ke Eta New York ap fè nan kominote ak vwazinaj nou yo".

**Manm Asanble Crystal Peoples-Stokes te deklare,** "Li adekwat dèske yonn nan pi gwo pwojè ki konplete nan Bò Lès lan pral nan vwazinaj Hamlin Park istorik lan epi pral konplèman li lè li nan rejis istorik lan li menm tou. Mwen ta renmen felisite ekip devlopman ak konstwiksyon Mattress Factory an yo okonplè pou travay yo ki te byen fèt, epi ki ansanm ak kominote a ap akeyi tout lokatè yo nan Hamlin Park".

**Egzekitif Konte Erie Mark Poloncarz te deklare,** "Vwazinaj Hamlin Park istorik lan ap franchi yon lòt pa annavan ak transfòmasyon Mattress Factory an, ki ap retounen pote lavi epi pral kounye a gen lojman ak espas pou biwo. Pwojè sa se yon gwo revitalizasyon yon ansyen batiman ki kounye a prezève epi yon lòt fwa ankò ap mete ankraj kominote a".

**Majistra Vil Buffalo Byron Brown te deklare,** "Mwen remèsye Gouvènè Andrew Cuomo poutèt li alwe 500,000 dola ki soti nan Fon Better Buffalo lan pou devlopman a itilizasyon miks pou 6.5 milyon dola a nan batiman 1911 sa ki nan vwazinaj Hamlin Park istorik Buffalo an. Felisitasyon a The Mattress Factory nan jou seremoni koupe

riban ou an, epi mèsè a tout moun ki te enplike nan pwojè a ki angaje nan fè kontinye reyisit ke nou te wè nan tout vil lan”.

**Jason Yots, ki se Direktè Prensipal nan Common Bond Real Estate LLC, te deklare,** “Gras a kredi enpo istorik yo ak pwogram Fon Better Buffalo lan, nou te rive konvèti yon etablisman faktori ki pa itilize anpil pou vin tounen yon pwojè dinamik a itilizasyon miks. San resous sa yo, pwojè nou an pa t’ap ka reyalize”.

An Desanm 2017, Gouvènè Cuomo te anonse aplikasyon yo disponib kounye a pou Twazyèm Faz nan pwogram Fon Better Buffalo 40 milyon dola a. Lansman Twazyèm Faz la ap ajoute sou finansman yo te akòde atravè Dezyèm Faz Fon Better Buffalo a, ki te gen ladan 9,130,042 dola ototal yo te akòde pou 14 pwojè. Pwojè sa yo ap renove plis pase 250 inite rezidansyèl ak plis pase 140,000 pye kare espas devan magazen ak espas komèsyal, pandan y ap rantabilize plis pase 131.4 milyon dola nan envestisman prive. Pou w aplike atravè Twazyèm Faz Fon Better Buffalo a, aplikasyon an ak materyèl yo disponib [isit la](#) epi delè a se 1 Fevriye 2018 a 4 è p.m.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418